# Мойнақта жәмлеспеген жаслар «Ҳәким кубогы» ушын беллеспекте

Жаслардың бос ўақтын мазмунлы шөлкемлестириў, олар арасында саламат турмыс тәризин қәлиплестириў, спортқа қызығыўшылығын арттырыў ҳәм спорт тараўындағы қәбилетин жүзеге шығарыўға қаратылған спорт илажлары Мойнақ районында турақлы түрде өткизилип келинбекте.

Image not found or type unknown

Бүгин 18-февраль күни Мойнақ районы ҳәкиминиң басламасы менен Бозатаў аўыл пуқаралар жыйыны аймағындағы «Ақ кеме» балалар саўалландырыў орайында ер балалар арасында спорттың футбол түринен, ал қыз балалар арасында спорттың стол тенниси түринен жарыслар болып өтпекте.

Image not found or type unknown

Илаждың ашылыў салтанатында Мойнақ районы ҳәкими Е.Еденбаев сөзге шығып, «Жасларды қоллап-қуўатлаў ҳәм халықтың саламатлығын беккемлеў жылы» мәмлекетлик бағдарламасы шеңберинде жасларға жаратылған жеңилликлер ҳәм кең имканиятларды атап өтти.

Image not found or type unknown

Соннан соң районлық Дене тәрбия ҳәм спорт бөлими баслығы Р.Жусипов жарыс қатынасыўшыларына  әўмет тилеп, бүгинги жарысты ашық деп жәриялады. Футбол жарысына Мойнақ районы аймағындағы 11 аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынларынан жәмлеспеген жаслардан 18 команда қатнасып, биринши ойында «Бозатаў» командасы жеңиске еристи.

Image not found or type unknown

Қыз балалар арасында спорттың стол тенниси түринен жарыслар болса «Ақ кеме» балалар саўалландырыў орайының бас имаратында болып өтти. Қызғын беллесиўлерге бай болған жарыста жеңимпазлықты қолға киргизген қызлар район ҳәкимлиги тәрепинен баҳалы саўғалар менен сыйлықланды.

Ҳаял-қызлар арасындағы жарыс жуўмақланғаннан соң, "Бозатаў" аўыл пуқаралары жыйыны турғынлары ҳәм жаслардың кеўил кейпиятын көтериў мақсетинде қарақалпақ эстрада жулдызларының концерт бағдарламасы қойып берилди.

Күнниң екинши ярымы футбол жарысы менен даўам етпекте.

Мойнақ районы ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети